

Kontwòl Asistans Medikal

Feyè de Kesyon yo poze souvan



Feyè sa a reponn kesyon yo poze souvan sou pwogram ki Kontwole Swen Medicaid pou tout Eta a ak kouman pou enskri nan yon plan pou Kontwòl Asistans Medikal. Li eksplike bagay tankou: ki sa ki Enskripsyon Ouvè ak sa k ap pase ak plan mwen si mwen deplase oswa adrès mwen chanje.

KESYON YO POZE SOUVAN

Gade repons pou kesyon yo poze souvan yo:

K: E si mwen vle chanje plan?

R: Si yo apwouve Medicaid ou, ou ka chanje plan'w pandan premye 120 jou aprè anwolman'w lan. Apre 120 jou yo, ou pral kapab chanje plan ou sèlman pandan peryòd anwolman ouvri a oswa avèk yon bon rezon ke leta deja apwouve.

K: Kisa Anwolman Ouvri-a ye?

R: Anwolman ouvri a se peryòd 60 jou lè ou ka chanje plan san ou pa bezwen leta apwouve'w. Anwolman ouvri vini chak ane nan dat fèt premye anwolman'w nan plan an.

K: Kisa peryòd san chanjman an ye?

A: Peryòd san chanjman se peryòd nan mitan premye 120 aprè anwolman-an avèk peryòd 60 jou anwolman ouvri a ki tonbe chak ane. Peryòd san chanjman egziste tou nan mitan 60 jou anwolman ouvri yo. Tanpri pran referans sou tablo ki anba a. Ou pral resevwa lèt rapèl pou ede sonje dat peryòd sa yo.



K: Kisa “yon bon rezon” ye?

R: Se yon rezon leta apwouve pou'w chanje plan ki kontwole swen an pandan peryòd san chanjman an.

K: Kisa kap pase plan'm nan si mwen deplase oubyen adrès mwen chanje?

R: Si adrès ou chanje, ou kapab bezwen chwazi yon lòt plan, si Zòn oubyen Rejyon ou te abite a chanje tou. Pou'w ka fè sa, w'ap bezwen kontakte Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) nan 1-866-762-2237 oubyen Administrasyon Sosyal Sekirite(SSA) nan 1-800-772-1213 pou'w ka rapòte chanjman adrès-la.

K: Eske si mwen enskri nan pwogram MMA-a lap anile Medicare mwen?

R: Non, pwogram MMA pap anile Medicare ou. Yo pèmèt ou rantre ni nan pwogram sa-a ni nan Medicare tou paske yo kouvri sèvis diferan.

K: Èske Kote mwen resevwa sèvis Medicaid mwen yo kounye-a, tankou doktè, lopital, sante mantal, transpòtasyon pou jwenn sèvis yo kouvri, ap disponib?

R: Tout plan yo oblije kouvri tout sèvis ki make nan paj sit entènèt sa-a. Men, Chak plan ap gen pwòp rezo ki ofri sèvis Medicaid pa-yo, Doktè ou genyen kounye-a ak/oubyen fasilite'w la ka ladanl tou. Lè'w resevwa pake anwolman'w lan, gade lis sèvis ke chak plan yo ofri a. Li ta bon si ou chwazi plan ki gen plis nan doktè'w yo avèk sèvis ki pi enpòtan pou ou yo.

K: E si pa gen okenn plan ki Kontwole Asistans Medikal (MMA), ki entegre tout doktè'm yo?

R: Plan ou chwazi-a pral oblije kouvri sèvis ou yo avèk doktè yo ou genyen kounye-a, pou pa plis ke 60 jou pandan y'ap transfere'w nan lòt doktè ki nan rezo nouvo plan-an. Li ta bon si ou chwazi plan ki gen plis nan doktè'w yo avèk sèvis ki pi enpòtan pou ou yo.

K: Si mwen enskri nan yon plan MMA, eske sa ap chanje anwolman'm nan egzansyon Medicaid-la?

R: Non, si ou enskri nan yon plan MMA, Anwolman'w pou egzansyon Medicaid la pap chanje, e sèvis egzansyon an ofri yo pap chanje nonpli.

K: Eske anwolman nan plan MMA'm nan, pral anile anwolman'm nan plan swen alontèm nan?

R: Non, Si oumenm oubyen yon moun nan fanmi'w anwole nan yon plan alontèm, n'ap kapab enskri nan yon plan MMA tou.

K: Si plan alontèm mwen-an se yon plan MMA tou, Eske mwen kapab chwazi genyen li kankou plan MMA mwen?

R: Wi.

K: Mwen genyen yon bezwen swen sante ki espesyal. Èske gen plan espesyal ki pral kouvri bezwen mwen yo?

A: Wi. Tout plan MMA yo kouvri moun ki gen bezwen swen sante espesyal. Kapab genyen plan espesyal nan zòn ou an tou pou swen sante ou si ou kalifye. Chwazi plan MMA ki pi byen satisfè bezwen fanmi ou.

K: Mwen ansent. Kòman pou'm anwole tibebe mwen an nan yon plan MMA?

R: Leta ap anwole tibebe-a nan menm plan ou anwole ladanl lan. Sa ap kòmanse lè pitit la fèt. Tanpri, di plan MMA-a avèk doktè-a ke ou ansent. Plan MMA'w lan pral ede'w jwenn swen ke ou bezwen yo. W'ap kapab chanje plan tibebe-a jiska 120 jou aprè mwa tibebe-a te fèt la.

K: Aprè mwen fin resevwa pake-a. Kòman pou'm anwole?

R: Pake ou-a ap kontni diferan fason ou ka enskri nan yon plan, sou entènèt, nan telefòn, oubyen an pèsòn si oumenm oubyen yon moun nan fanmi'w gen bezwen espesyal. Pake ki gen enfòmasyon yo ap di'w kòman pou'w anwole. L'ap enfòm'w de dwa ou ak opsyon ou genyen avan pou'w anwole.

Benefisyè Obligatwa Sèlman: Pou moun ki oblije enskri nan yon plan

K: E si mwen pa chwazi yon plan MMA?

R: Pake ou a enkli non plan MMA ke yo pral chwazi pou ou a (si ou pa te chwazi youn lè ou te ranpli aplikasyon Medicaid ou), ak dat plan MMA a ap kòmanse. Sonje tou ke ou pral genyen 120 jou pou'w chanje plan-an apati jou ke anwolman ou nan plan an kòmanse. Aprè 120 jou yo, w'ap kapab chanje plan-an sèlman pandan dat Anwolman Ouvri-a oswa si ou genyen yon bon rezon ke leta apwouve. Anwolman Ouvri-a se yon period de tan, chak ane, ki pèmèt ou chanje plan'w san ou pa bezwen yon bon rezon ke leta apwouve.

K: Si mwen enskri nan yon plan swen alontèm, eske m'ap bezwen enskri nan yon plan MMA tou?

R: Wi, si oumenm oubyen yon moun nan fanmi'w enskri nan yon plan swen alontèm, w'ap bezwen enskri nan yon plan MMA tou pou sèvis Medikal ke Medicaid kouvri yo.

K: Mwen nan Medicaid Regilye-a (Medicaid Frè-pa sèvis la). Mwen resevwa yon lèt ki di ke mwen oblije enskri nan yon plan MMA. Eske mwen ka chwazi rete nan Medicaid Regilye oubyen Medicaid Frè-pa sèvis la?

R: Poutèt chanjman nan lwa Eta Florid la, pi fò moun ki nan Medicaid oblije enskri nan yon plan MMA, e yo pa kapab rete nan Medicaid Frè-pa sèvis la. Si ou pa te chwazi yon plan MMA lè ou te ranpli aplikasyon Medicaid ou, leta ap chwazi youn pou ou si ou oblije enskri. Ou pral genyen 120 jou, apati jou ke anwolman ou an kòmanse, pou'w chanje plan-an san rezon.